



Pou Piblikasyon Imedya: 29/01/2025

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE GE VERNOVA PRAL ENVESTI 96 MILYON DOLA  
POU ESTIMILE INOVAZYON ENÈJI NAN SANT RECHÈCH AVANSE NAN  
NISKAYUNA**

***Konpayi a pran angajman pou l kreye 75 nouvo djòb nan sit Konte Schenectady a***

***Sant la pral pèmèt pwogrè teknolojik enkli dekarbonizasyon, konbistib altènatif  
pou pwodiksyon elektrisite, rezo alavni an ak sekirite enfrastrikti kritik***

***Investisman sipòte inovasyon enèji pwòp pou diminye depans yo epi elaji aksè  
ak enèji abòdab, dirab***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke GE Vernova te angaje li pou l investi omwen 96 milyon dola nan Sant Rechèch Avanse konpayi an nan Niskayuna, Konte Schenectady. Konpayi an planifye pou kreye 75 nouvo djòb sou plas, pou ranfòse efò elektrifikasyon ak dekarbonizasyon Sant lan, pandan y ap avanse teknoloji ki pote transfòmasyon ki gen ladan eliminasyon gaz karbonik, konbistib altènatif pou pwodiksyon elektrisite ak devlope rezo alavni an. Anons jodi a pral sipòte pwogrè teknolojik ki diminye emisyon yo epi ki mennen Eta Nouyòk nan direksyon yon avni kote enèji pwòp non sèlman ranfòse ekonomi eta a, men tou reflekte angajman pataje Eta a pou dirabilite ak opòtinite.

"Avni enèji pwòp la ap pote nouvo envèstisman, travay ki byen peye ak yon anviwonman ki pi pwòp nan eta nou an, epi nou fyè pou nou travay ansanm ak GE Vernova pandan n ap avanse vizyon pataje nou an nan Niskayuna ak odela", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Nouyòk vin tounen yon sant fabrikasyon ak R&D prensipal pou enèji pwòp; sa k ap mennen nou pi pre pou reyalize ajanda klima nou an ak bati yon pi bon avni ki pi pwòp pou jenerasyon k ap vini yo."

Konpayi an pran angajman pou l investi omwen 96 milyon dola epi li planifye pou l konstwi de nouvo laboratwa dènnye modèl ki konsantre sou elektrifikasyon ak dekarbonizasyon, elaji enstalasyon ki egziste deja yo, epi reyabilite de lòt bilding nan Sant Aprantisaj Renouvelab sou plas la pou sipòte efò rechèch ak devlopman enèji pwòp li yo. Konpayi an pran angajman pou l kreye omwen 75 nouvo djòb apentant nan Sant Rechèch Avanse a. Empire State Development (ESD) te dakò pou bay jiska 9.635 milyon dola nan kredi enpo Pwogram Djòb Excelsior la (Excelsior Jobs Program) ki

baze sou rannman pou sipòte efò GE Vernova pou kreye travay. Anplis de sa, yo te envite Otorite Devlopman Metroplex Konte Schenectady pou pouswiv finansman sibvansyon FAST NY pou sipòte pwochen pwojè enfrastrikti sou plas yo.

**Vis Prezidan pou Rechèch Avanse nan GE Vernova, David Vernooy, te deklare,** "GE Vernova angaje li pou l ranfòse sant rechèch ak devlopman klas mondyal li a ki fèt pou avanse pwogrè mond lan nan tranzisyon enèji a, pou kontinye istwa inovasyon ki long nou an isit la nan Rejyon Kapital la. Investisman sa a gen pou objektif pou pèmèt teknoloji ki chanje règ jwèt la atravè laboratwa dènye modèl, yon nouvo sant eksperyans kliyantèl, ak espas kolaborasyon pou avanse patenarya ak gouvènman yo, kliyan yo, lidè opinyon yo ansanm ak inovatè yo. Nou pare pou nou dirije, epi nou eksite sou rekouvèt investisman sa a pral pote pou pi devan."

**Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Devlopman Empire State la, Hope Knight, te deklare,** "Anba lidèchip Gouvènè Hochul, Eta Nouyòk kontinye investi nan konpayi yo, teknoloji ak travay alavni yo pou ankouraje kwasans ekonomik dirab. Sant Rechèch Avanse GE Vernova a gen yon istwa rich nan devlopman pwochen jenerasyon, epi investisman yo anonse jodi a pral kreye nouvo djòb epi sipòte nouvo solisyon pou defi konplèks ki ranfòse eritaj inovasyon Rejyon Kapital la."

Sant Rechèch Avanse GE Vernova a nan Niskayuna gen yon eritaj nan devlope teknoloji ki chanje règ jwèt la, soti nan tibin gaz ki fèt pou pi efikas nan mond lan, pase nan algorit avanse pou planifikasyon, operasyon ak antretyen rezo efikas ak rezistan, rive nan ti reyaktè nikleyè modilè ak 100 pousan konbisyon idwojèn pou pwodiksyon elektrisite san kabòn.

Pwojè sa a pral sipòte efò rechèch ak devlopman ki fè avanse nouvo inovasyon ak teknoloji nan gaz pwòp, dirab ak altènatif. GE Vernova pral bati yon espas laboratwa dènye kri ki fèt pou diminye itilizasyon enèji ak depans kapital pou kaptire kabòn, pandan y ap devlope ak livre gaz ki pral pèmèt konbisyon san kabòn. Investisman konpayi an pral priyorize tou rechèch nan kouran kontini wot tansyon milti-tèminal, yon kle pou elaji kapasite ak fonksyonalite rezo elektrik Etazini an alavni. Li pral ranfòse tou kapasite pou konekte plizyè sous pwodiksyon enèji ak rezo a. Lè yo mennen pwogrè nan teknoloji enèji pwòp, investisman sa a pral ede redwi pri enèji renouvlab, fè enèji dirab pi abòdab ak aksesib alafwa pou konsomatè yo ak biznis yo.

Atravè pwogram enèji bon mache RechargeNY Otorite enèji Nouyòk (New York Power Authority, NYPA), GE Vernova te resewa 9,440 kW an retou pou angajman li genyen anvè Eta a.

**Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Otorite Enèji Nouyòk la, Justin E. Driscoll te deklare,** "Eritaj inovasyon General Electric la lye yon fason etwat ak Konte Schenectady, epi investisman 96 milyon dola sa a pral ede asire travay enèji pwòp alavni yo rete isit la nan Eta Nouyòk. Avèk sipò enèji idwolik bon mache NYPA a, ekspansyon GE Vernova pral ede devlope ak eksplore nouvo teknoloji transfòmatif ki pral ede dekarbonize eta nou an ak lòt moun, epi ranfòse rezo elektrik nou an."

**Prezidan Lejislati Konte Schenectady a, Gary Hughes, te deklare,** "Nou rekonesan anvè Gouvènè Hochul ak Empire State Development pou efò devwe yo ki te lakòz investisman istorik sa a nan Sant Rechèch Avanse GE Vernova. Investisman transfòmatif sa yo pral kreye djòb gwo teknoloji, ankouraje kwasans ekonomik, epi ranfòse pozisyon nou kòm yon sant pou inovasyon. Nou remèsye ekip Metroplex nou an paske li kolabore ak ESD a epi nou fyè dèske GE kontinye fè gwo investisman nan Konte Schenectady."

**Sipèvizè Niskayuna Erin Cassady-Dorion te deklare,** "Nou remèsye GE Vernova paske yo fè investisman ak angajman sa a nan Sant Rechèch Avanse Niskayuna a. Vil la pral kontinye travay ak patnè Eta ak Konte yo pou fè pwojè sa a avanse pou pi devan, epi nou remèsye Gouvènè Hochul ak Empire State Development pou efò yo ki te enpòtan pou fè sa reyalize."

### **Agenda Klimatik Eta Nouyòk la**

Ajanda klimatik Eta Nouyòk la egzije yon tranzisyon ki bon mache epi ki jis vè yon ekonomi enèji pwòp ki kreye djòb ki soutni fanmi, fè pwomosyon kwasans ekonomik atravè investisman ekolojik, epi dirije yon minimòm 35 pousan nan benefis yo bay fanmi ki defavorize yo. Nouyòk ap pouse yon seri efò pou kreye yon ekonomi a zewo emisyon vè 2050, ki enkli nan sektè enèji, konstriksyon, transpò, ak dechè.

###

Lèt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418  
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: [ny.gov/signup](http://ny.gov/signup) | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)